QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI

Nókis q. A.Dosnazarov k. 62 úy, 0 (361) 222-24-37, 222-24-63, faks: 226-52-47
web-site: http://kkedu.uz, e-mail: qoraqalpogiston_xtv@xtv.uz

«26» Февраль 2021-j. 03-03/02-961/1 -sanl

**Қанлыкөл районы прокуроры**
**әдиллик киши кеңесшиси А.А.Каримбаевқа**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Қанлыкөл районы прокуратурасының 2021-жыл 5-февральдағы «Кәниге ажыратыў хаққында»ғы 9/51/21-санлы хатына тийкарланып, министрлик тәрепинен қәниге ажыратылып, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2014-жыл 22-сентябрьдеги «Әменгерлик хәм қәўендерлик хаққында»ғы 269-санлы қарарының орынланыўы бойынша Қанлыкөл районы халық билимлендириў бөлиминиң «Балаларды социаллық қорғаў хәм қоллап-қуўатлаў» бөлиминде әмелге асырылған жумысларды үйрениў барысындағы мағлыўматты хәм электрон тәризде 16 беттен топланған хүжжетлерди усыныс етемиз.

*Қосымша: мағлыўмат 5 беттен ибарат,*
*хүжжетлер электрон түрде.*

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Таярлаған: Г.Бегжанова
Тел: 612225459

**Қанлыкөл районында «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының орынланыўы бойынша өткерилген үйрениў жумысларының**
# М А Ғ Л Ы Ў М А Т Н А М А С Ы

**Қанлыкөл районы** **2021-жыл 26-февраль**

«Әменгерлик ҳәм қәўендерлик ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының орынланыўы бойынша Қанлыкөл районы ҳәкимлиги жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик комиссиясы, районлық халық билимлендириў бөлими жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы ҳәм медицина бирлеспеси жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик бойынша комиссиясы, улыўма орта билим бериў мектеплери, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары, сондай-ақ, әменгерлик ҳәм қәўендерлик белгиленген жас өспиримлердиң жасаў орынларына барған ҳалда үйрениўлер алып барылды. Үйрениўлер даўамында төмендегилер анықланды.

Қанлыкөл районлық халық билимлендириў бөлими жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы хызмети ҳәм ис ҳүжжетлерине бөлимниң балаларды социаллық қорғаў бойынша методисти Мамбетназаров Бахыт Атажанович жуўапкер етип бекитилген. Мағлыўматы жоқары. 1997-жылы Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университетиниң тарийх ҳәм жәмийеттаныў факультетин питкерген. Орган ушын өз алдына хана ажыратылған. Интернет тармағына жалғанған, хана стул, стол, ҳүжжетлер сақланатуғын шкаф, сейф, компьютер, принтер, хызмет телефоны ҳәм ҳүжжетлерди нусқалаўшы арнаўлы қурылма менен тәмийинленген.

Өзбекстан Республикасы Шаңарақ кодекси, «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамы ҳәм Министрлер Кабинетиниң 2014-жыл 22-сентябрьдеги «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик органлары ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамын әмелге асырыўға байланыслы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди тастыйықлаў ҳаққында»ғы 269-санлы Қарары талаплары тийкарында әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы жумысларын алып барған. Атап айтқанда, орган тәрепинен усы күнге шекем 84 ата-анасы қарамағынан айрылған жас өспиримлер анықланған болса, соннан, 37 әменгерликке ҳәм 47 қәўендерликке берилген.

Усы жас өспиримлердиң ҳуқық ҳәм мәплери, тәлим-тәрбиясы, материаллық тәмийинлениўи ҳәм де ата-анасынан қалған мал-мүлктиң толық сақланыўы әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы тәрепинен өз қадағаланыўына алынған.

Әменгерлик ҳәм қәўендерликтеги жас өспиримлер билим алатуғын мектеплер үйренилгенде олардың бос ўақытларының мазмунли шөлкемлестириў мақсетинде пән ҳәм спорт дөгереклерине қамтып алынғанлығының гуўасы болдық. Атап айтқанда, 23-санлы мектептиң 5-класс оқыўшысы Р.Чнаров футбол дөгерегине, 4-класс оқыўшысы О.кунградбаев музыка дөгерегине, 16-санлы мектептиң 5-класс оқыўшысы К.Даулетмуратов шахмат ҳәм музыка дөгереклерине, 5-санлы мектептиң 6-класс оқыўшысы И.Сарыбаев шет тили дөгерегине, 7-класс оқыўшысы Д.Ниетбаева биология дөгерегине, 17-санлы мектептиң 7-класс оқыўшысы А.Абдисаттаров химия дөгерегине, 10-класс оқыўшысы Х.сулейманова биология дөгерегине, 20-санлымектептиң 11-класс оқыўшысы Ақмарал Салыкбаева химия-биология дөгерегине, 9-класс оқыўшысы Айгерим Салыкбаева тарийх ҳәм китапханлық дөгереклерине, 11-класс оқыўшысы К.Бекмуратова математика ҳәм физика дөгереклерине қамтылғанлығы үйрениўлер даўамында анықланды.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министриниң 2012-жылы 07-апрельдеги 107-санлы буйрығы менен тастыйықланған «Халық билимлендириў мәкемелери хызметин методикалық тәмийинлеў ҳәм шөлкемлестириў район(қала) бөлими халық билимлендириў системасындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик органында иш жүритиў ҳәм ҳүжжетлер менен ислеў ҳаққында»ғы Көрсетпеге тийкар районлық халық билимлендириў бөлими жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик органында 13 дәптер өз ўақтында толық жүритилген.

Өзбекстан Республикасы Шаңарақ кодексиниң 153-статьясы бойынша перзентликке алыўдың сыр сақланыўы тәмийинленген.

«Әменгерлик ҳәм қәўендерлик ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 10-статьясында жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты органларының әменгерлик ҳәм қәўендерлик тараўындағы ўәкилликлери, сондай-ақ, усы Нызамның орынланыўы бойынша Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2014-жыл 22-сентябрьдеги «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик органлары ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамын әмелге асырыўға байланыслы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди тастыйықлаў ҳаққында»ғы 269-санлы Қарары менен тастыйықланған Реженин 38-бәнтинде район ҳәкимлиги жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик бойынша комиссиясының ўазыйпалары, 39-бәнтинде комиссия қурамы кимлерден ибарат екенлиги ҳәм 40-бәнтинде комиссия қурамы район ҳәкими тәрепинен тастыйықланатуғынлығы анық етип көрсетилип өтилген. Бирақ, жоқарыдағы Нызам ҳәм Ҳүкимет қарары талаплары орынланбастан келинген. Атап айтқанда, Қанлыкөл районы ҳәкимлиги жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик бойынша комиссиясы усы күнге шекем дүзилмеген ҳәм тастыйықланбаған. Соны да атап өтиў керек жоқарыдағы

Режениң 3-бөлим 63-бәнтинде әменгерлик ҳәм қәўендерлик район ҳәкиминиң қарары менен белгиленетуғынлығы ҳәм усы бөлимниң 65-,66-, 67-бәнтлеринде ҳәким қарарын шығарыў мүддетлери көрсетилген.

Усының нәтийжесинде жас өспиримлерди әменгерлик ямаса қәўендерликке бериў бойынша ҳәким қарарларының шығарылыў мүддетлери бузылған. Атап айтқанда, жас өспирим Алпысбаев Жаҳангир Алпысбай улын әменгерликке бериў бойынша әменгерлик ҳәм қәўендерлик органының 2019-жылы 14-март күни жуўмағы алынған, бирақ қарар 2019-жылы 03-апрель күни шығарылған, яғный 20 күннен соң.

Сондай-ақ, жоқарыдағы Режениң 65-бәнтинде «Район, кала ҳәкими ҳүжжетлерди алған күннен баслап үш күн даўамында әменгерлик ҳәм қәўендерлик органлары тәрепинен усынылған ҳүжжетлерди район, қала ҳәкимлиги жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик бойынша комиссиясына көрип шығыў киритеди» деп көрсетилген. Бирақ район ҳәкимлиги тәрепинен усынылған ҳүжжетлер толық үйренилместен, қарарлар қабыл етилген. Мысалы, жас өспиримлер С.Абсатаров ҳәм Р.Абсатаровларды қәўендерликке бериў бойынша әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы тәрепинен ҳүжжетлер 2020-жылы 11-ноябрь күни усынылған болса, район ҳәкими қарары 2020-жылы 13-ноябрь күни, яғный 2 күн ишинде қабыл етилген. Бундай жағдайлар, жас өспирим К.Даулетияровты әменгерликке бериў бойынша әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы тәрепинен ҳүжжетлер 2020-жылы 27-ноябрь күни усынылған болса, район ҳәкими қарары 2020-жылы 28-ноябрьде, яғный 1 күн өтип қабыл етилген.

Жоқарыдағы Нызам ҳәм Реже талаплары районлық медицина бирлеспесинде де орынланбастан, өз ҳалына таслап қойылған. Нызамның 13-статьясында район, қала медицина биреслепелериниң әменгерлик ҳәм қәўендерлик тараўындағы ўәкилликлери ҳәм Режениң 45-бәнтинде медицина бирлеспеси жанындағы әмнегерлик ҳәм қәўендерлик бойынша комиссиясы қурамы, онда ким басшы ҳәм хаткер болатуғынлығы анық етип көрсетилген. Бирақ, медицина бирлеспеси бас шыпакериниң бийпарўалығы себеп, усы күнге шекем комиссия қурамы улыўма дүзилместен қалған. Үйрениўлер даўамында, комиссия қурамы басшысы етип белгилениўи керек болған бас шыпакердиң амбулатория-поликлиника жәрдеми бойынша орынбасары М.Садыков 2021-жылы 29-январь күнинен баслап мийнет дем алысында болғанлығы себеп ҳүжжетлерин көриў имканияты болмады. Лекин, бас шыпакер Д.Нурымбетова тәрепинен 2021-жылы 04-январьдағы 1-санлы буйрығы менен М.Садыковқа «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик жумыслары жүклетилсин» деген мазмундағы миннетлеме жүклетилген. Бул дегени бас шыпакер Нызам ҳәм Реже талапларынан улыўма хабары жоқ екенлигин, сондай-ақ, медицина бирлеспесиниң юристконсульты тәрепинен қабыл

етилип атырған норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң өз ўақтында қадағаланбаўын көриўимиз мүмкин.

«Әменгерлик ҳәм қәўендерлик ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 16-статьясында «Әменгерлик ямаса қәўендерлик белгилениўине зәрүрлик болған шахслар анықланғанда, ҳуқықты қорғаўшы органлар, пуқаралық ҳалаты актлерин жазыў органлары, билимлендириў мәкемелери ҳәм денсаўлықты сақлаў мәкемелери, сондай-ақ, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары усы шахслар анықланған күннен баслап жети жумыс күн ишинде олар ҳаққындағы мағлыўматларды жазба түрде әменгерлик ҳәм қәўендерлик органларына жибереди» деп көрсетилген. Бирақ, усы нызам талаплары районда лазым дәрежеде орынланбаған.

Мәселен, 2020-жылда районндағы «Қанлыкөл» посёлка пуқаралар жыйыны аймағында жасаўшы жас өспиримлер Чнаров Рахат Хуршид улы (25.12.2009 туўылған), Раманов Асатбек Хуршид улы (14.09.2013 туўылған) ҳәм Кунградбаев Оразан Турсынбай улы(08.08.2010 туўылған)ның ата-анасы қарамағынан айрылғанлық фактин әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы тек ғана усы аймақтағы 23-санлы улыўма орта билим бериў мектебиниң хабары менен район ҳәкиминиң қарары тийкарында әменгерлик белгиленген. Усы жағдайда «Қанлыкөл» ППЖ баслығы(Ш.Артыков) ҳәм аймақ профилактика инспектори тәрепинен әменгерлик ҳәм қәўендерлик органына ҳеш қандай хабар берилместен, «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик ҳаққында»ғы Нызамы ҳәм де «Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органлары ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 13-статьясы он биринши хатбасы талапларының бузылыўына жол қойылған.

Сондай-ақ, жоқарыдағы Нызам талапларын надурыс түсиниў нәтийжесинде де нызамбузыўшылық жағдайлары анықланды. Атап айтқанда, «Қанлыкөл» аўыл пуқаралар жыйыны аймағында жасаўшы жас өспиримлер Ниетбаева Севинч Исламбек қызы (10.12.2012 туўылған) ҳәм Ниетбаев Бунёдбек Исламбек улы(25.06.2017 туўылған)ның ата-анасы қарамағынан айрылғанлығын билсе де әменгерлик ҳәм қәўендерлик органына хабар бермеген, яғный әменгерлик ҳәм қәўендерлик органының 2021-жыл 25-январьдағы 01-178-санлы хатына тийкарланып АПЖ баслығы О.Адилов тәрепинен жас өспиримлердиң анасы ҳәзирги күнде аймақта жоқ екенлиги ҳәм соңғы рет 2019-жылы августте перзентлерин көриў ушын келген деген мазмундағы 2021-жылы 25-январь күни 5-санлы хат жоллаў менен шекленген. Бул менен АПЖ баслығы тәрепинен «Әменгерлик ҳәм қәўендерлик ҳаққында»ғы Нызамның 16-статьясының бузылыўына жол қойылған ҳәм усы нызамның 20-статьясы талаплары өз ўақтында орынланбаған.

Жоқарыдағыдай жағдай «Арзымбеткум» АПЖда да ушырасты. Мәселен, 2004-жылы 13-ноябрьде туўылған Сулейманова Хатиша Абдулла

қызының әкеси Қазақстан Республикасына көшип кеткен ҳәм перзентиниң тәрбиясы менен шуғылланбайды, анасы Хожели районына турмысқа шыққанлығы себепли жас өспирим дайысы Уразбаев Торебайдың қарамағында қалады. Бул ҳаққында, 17-санлы улыўма орта билим бериў мектеби директоры тәрепинен АПЖ баслығына жазба түрде хабар берилген, бирақ сол ҳәм ҳәзирги ўақытта да баслық лаўазымында ислеп киятырған К.Каримбаев бул мүрәжәәтке бийпарўа қараған ҳәм әменгерлик ҳәм қәўендерлик органына хабар бермеген.

Уйрениу дауамында топланган хужжетлер коширмеси коса тигиледи.

**Косымша: 16 беттен ибарат.**

**Таярлағанлар,**

Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлими жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы қәнигеси: Ш.Ешмуратов

Шоманай районлық халық билимлендириў бөлими жанындағы әменгерлик ҳәм қәўендерлик органы қәнигеси: Т.Утемуратов